

## **BAB III**

### **METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar lima hal nya éta (1) wangenan operasional (2), métode jeung téknik panalungtikan (3) téknik ngumpulkeun data, (4) téknik ngolah data (5) sumber data (6) instrumén panalungtikan.

#### **3.1. Wangenan Oprasional**

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun, katerangan-katerangan anu jéntré patali jeung objékna. Éta katerangan téh pang-pangna mah museur kana kecap-kecap anu dipaké dina judul panalungtikan, kayaning kecap rundayan jeung Undang-Undang Dasar 1945 Tarjamahan Basa Sunda.

- a. Kecap rundayan kecap nya éta kecap anu robah ku maké rarangkén (afiks), boh rarangkén hareup, tengah, tukang, barung jeung boh rarangkén gabung;
- b. Nu disebut Undang-Undang Dasar 1945 Tarjamahan Basa Sunda, nya éta UUD1945 anu ditarjamahkeun kana basa Sunda minangka salahsahiji léngkah pamaréntah (Mahkamah Konstitusi) gawé bareng jeung Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah UPI, nu tujuanan pikeun ngamasarakankeun tur

ngamumulé basa Sunda dina tataran konstitusi ka masyarakat hususna masarakat Jawa Barat;

- c. Analisis struktur jeung semantik nya éta sakabéh data kecap rundayan anu ditalungtik dianalisis tina jihat adegan jeung ma'na kecapna;

### 3.2. Méthode Panalungtikan

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan wangenan oprasional, téknik jeung alat ngumpulkeun data, prosedur jeung téknik ngolah data. Méthode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Méthode asal kecap ti Yunani nya éta *methodos*, nu ngandung harti jalan nu dipaké. Jadi, méthode panalungtikan nya éta cara-cara mikir jeung ngalakukeun nu geus disiapkeun kalayan hadé pikeun ngalakukeun panalungtikan, sarta pikeun ngahontal hiji tujuan panalungtikan (Kartono, 1983: 15-16).

Arikunto (1996:150) nétélakeun yén méthode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu hayang dihontal, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Surakhmad, (982:147) nétélakeun yén nu dimaksud méthode déskriptif téh nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis data, sarta napsirkeun data.

### **3.3. Téknik Panalungtikan**

#### **3.3.1. Téknik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan digunakeun dua teknik, nya éta téknik analisis téks jeung téknik studi dokuméntasi. Téknik analisis téks, dilaksanakeun ku sabab sumber datana mangrupa data finulis, anu tujuanana nya éta pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kecap rundayan. Téknik dokumentasi dipaké pikeun nyungsi inpormasi dina néangan ngumpulkeun data kecap rundayan.

#### **3.3.2. Téknik Ngolah Data**

Téknik ngolah data dina ieu panalungtikan dumasar kana téori pamarekan tatabasa struktural. Léngkah-léngkah ngolah data, ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap:

- 1) Sanggaeus dikumpulkeun jeung ditulis dina kartu data, data dipasing-pasing dumasar kana: (1) rupaning rarangkén, (2) tipena (3) jeung fungsina;
- 2) Cara milah-milah data kecap rundayan nya éta ku cara ngagolong-golongkeun korpus data dumasar kana idéntitas atwa cirina sarua;
- 3) Sanggeus sakabéh korpus dipasing-pasing, tuluy dipindahkeun kana tabél data; jeung
- 4) Sanggeus réngsé, hasil panalungtikan dicindekkeun.

### 3.4. Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh sakabéh kecap rundayan anu kapanggih dina Undang-Undang Dasar 1945 Tarjamahan Basa Sunda. Tina sumber data éta ditantunkeun sakabéh kecap rundayan dijadikeun subjék analisis.

### 3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ngumpulkeun data nya éta ngagunakeun sistem korpus data kecap rundayan. Anu dimaksud korpus data éta sorangan nya éta “sebuah kumpulan bahan atawa data-data yang akan diambil dalam penelitiannya” (Suyatna, 2002:13). Carana nya éta nyalin sakabéh wangun kecap rundayan dina Undang-Undang Dasar 1945 Tarjamahan Basa Sunda, kana korpus data sarta unggal korpus dibéré kode UUD45, kaca, bab, pasal, ayat, paragraf jajaran contona (UUD45/K25/BabXI/Ps132/Ayt1) éta identitas data téh Undang-Undang Dasar 1945, kaca 25, bab ka XI, pasal ka 2, jeung ayat ka 1.

#### Cotoh Korpus Data

Kode (UUD45/Kv/p31/B21)	
Kecap Rundayan	: dikokolakeun
Rarangken	: kokola ----- <i>di-</i> + <i>-keun</i> .
Fungi	: ngajelaskeun
Harti	: ngurus, ngamumulé

